



Envestigasyon Entèn ak Gid pou Anplwaye nan Ajans Plasman/Pwogram yo

Nimewo Politik la: RP-26-09

Dat Li Pibliye: 8 Jiye, 2026

Dat Li An Vigè: 8 Jiyè, 2026

Aplikabilite: Tout Ajans Plasman Ki Gen Lisans EEC

ENFÒMASYON DEBAZ

Règleman Depatman Edikasyon ak Swen/Gadri pou Timoun Piti yo (EEC) egzije pou moun ki gen lisans yo fè yon investigasyon entèn sou nenpòt akizasyon ki gen rapò ak non-konfòmite ak règleman lisans EEC yo, sou tout abi ak neglijan yo sispèk ki fèt sou timoun, sou ensidan grav ki gen rapò ak sante ak sekirite timoun yo, ak sou lanmò nenpòt timoun ki nan pwogram gadri a [606 CMR 5.04(3)(d)]. **Politik sa a klarifye egzijans pou fè, rapòte, ak notifye EEC sou investigasyon entèn nan ajans Plasman/Pwogram yo.**

OTORITE

606 CMR 5.04(3)(d): Moun ki gen lisans lan dwe devlope yon plan alekri epi swiv pwosedi pou mennen yon investigasyon entèn nan ajans lan oswa nan kay kote yo bay swen oswa kay adopsyon ke ajans lan sipèvize.

DEKLARASYON SOU POLITIK LA

Ensidan ki Egzije yon Envestigasyon Entèn

Egzijans pou fè yon investigasyon entèn aplike pou nenpòt ensidan ki rapòte bay Depatman Timoun ak Fanmi (DCF) dapre M.G.L. chapit 119, seksyon 51A, kèlkeswa si

50 Milk Street, 14th Floor, Boston, MA 02109

Phone: 617-988-6600 • Fax: 617-988-2451 • office.commissioners@mass.gov

mass.gov/EEC

rapò a kalifye pou yon investigasyon bò kote pa DCF. Yo mande tou pou fè yon investigasyon entèn pou ensidan ki pa rapòte bay DCF men ki toujou sòlve enkyetid sou sante ak sekirite. Sa ki enkli rapò ki fèt bay Komisyon Pwoteksyon Moun ki gen Dezabilite/Twooub(DPPC). Egzanp ensidan ki mande investigasyon entèn enkli, men sa pa limite a sèlman sa:

- nenpòt blesi grav;
- a yon maladi grav ki ka pa t resevwa bonjan swen medikal;
- aktivite seksyèl pami timoun yo oswa moun k ap okipe yo a;
- yon dife;
- Akizasyon sou abi sibstans sou moun k ap bay swen an.

Notifye EEC

Lè yo aprann gen yon akizasyon oswa yon ensidan grav nan pwogram/plasman gadri a, lisansye a, moun ki pi wo nan administrasyon lisansye a, oswa yon moun yo nonmen dwe notifiye EEC imedyatman lè yo antre dosye a nan Pòtal EEC LEAD la. **Si dosye a enplike lanmò, lisansye a dwe kontakte lisansè/sipèvizè EEC li a tou.**

Retire ak Retounen yon Anplwaye

Nenpòt manm anplwaye yo sispèk ki petèt lakoz yon zak abi oswa neglijan dwe imedyatman retire/elwanye de kontak san sipèvizyon ak nenpòt timoun. Moun ki gen lisans lan dwe swiv politik sou zak abi ak neglijan timoun ki apwouve pa EEC, sa ki ka mande pou retire aksè anplwaye ki nonmen an ak timoun yo. **EEC ka detèmine ke kontak san sipèvizyon pa nesesè, men lòt dispozisyon ka konsidere.** Anvan nenpòt anplwaye ki sispèk sou abi oswa neglijan potansyèl la ka retounen nan fonksyon regilye li, kritè sa yo dwe satisfè:

- Manm anplwaye a pa ka retounen an kontak san sipèvizyon ak timoun yo **jiskaske DCF retire sipò pou 51B epi EEC fin konplete investigasyon li a.** Moun ki gen lisans lan dwe travay ak lisansè EEC ki asiyen an pou asire yon plan aksyon korektif ki apwopriye.
- Si yo jwenn ase sipò pou pwouve yon 51B pou zak abi oswa neglijan, **moun sa a pa ka retounen nan travay jiskaske yo fin konplete yon nouvo Verifikasyon Dosye Antesedan (BRC), ak yon nouvo detèminasyon sou konfòmite li ki soti**

nan men EEC. Lisansye a dwe tou travay ak lisansè EEC ki asiyen an pou asire yon plan aksyon korektif ki apwopriye.

- Si EEC detèmine ke kontak san sipèvizyon pa jistifye, ajans lan dwe dokimante sa ansanm ak nenpòt aksyon yo te dakò sou li tankou refè fòmasyon, ogmantasyon sipèvizyon ak/oswa chanjman nan politik.

Règleman ki Obligatwa pou Ajans Plasman/Pwogram nan

Titilè lisans lan dwe devlope epi swiv pwosedi pou mennen investigasyon entèn nan ajans plasman/pwogram nan. Tout pwosedi yo dwe apwouve pa EEC epi yo dwe enkli:

1. Delè pou mennen ak konplete investigasyon an;

- Investigasyon entèn yo dwe fini pou asire sekirite timoun yo, pwoteje dwa tout pati ki enplike yo epi minimize deranjman nan plasman/pwogram nan. De (2) semèn se yon estimasyon apeprè pou pifò investigasyon entèn; sepandan, yon investigasyon konplèks ki enplike anpil entèvyou ak dokimantasyon ki anpil ka bezwen pran plis tan.
- Nan ka ajans k ap mennen investigasyon an mande yon founisè pou sispann oswa retade aktivite investigasyon entèn yo, lisansye a dwe kolabore ak nenpòt demann konsa.
- Nan tout ka kote gen akizasyon oswa blesi grav fizik ak seksyèl ki rapòte bay lapolis oswa Biwo Avoka Distri a, moun ki gen lisans lan dwe konsilte ak lisansè EEC pwogram nan anvan li kòmanse investigasyon entèn li.

2. Pwosesis pou deziyen moun ki responsab pou aplike chak etap nan pwosedi sa yo, sa ki enkli mennen investigasyon, revize rapò investigasyon an, epi pran aksyon korektif, si sa nesesè; epi

- Investigasyon entèn nan dwe fèt pa moun ki pa patisipe nan ensidan an ditou epi ki ka egzamine pwoblèm nan yon fason objektif. Moun sa yo ka enkli yon administratè ajans, yon ekip anplwaye, oswa yon konsiltan ekstèn.
- Investigatè yo dwe entèvyouve moun ki enplike yo ak temwen yo endividyèlman, epi yo dwe kolekte tout dokiman ki enpòtan, tankou

deklarasyon ki siyen, rapò ensidan, rapò medikal, antre nan rejis, dosye timoun yo ak dosye pèsònèl.

3. Fòm alekri k ap itilize pou rapò investigasyon yo;

- Apre yo fin revize prè yo, investigatè pwogram nan dwe ekri yon rapò ki deklare akizasyon yo, dekri aktivite investigasyon yo, deklare rezilta yo, epi dekri nenpòt aksyon korektif lisansye a pran, enkli rekòmandasyon pou anpeche menm ensidan menm jan an rive ankò alavni.
- Rapò sa a ak nenpòt dokiman ki enkli ladan siveyans videyo oswa odyo, ke lisansye a oswa manm anplwaye yo kolekte oswa pwodui, dwe rete disponib pou EEC epi yo ka revize yo kòm yon pati nan aktivite investigasyon EEC yo.

EKSPIRE

Pou ajans Plasman/Pwogram ki gen lisans yo, politik sa a ranplase ansyen politik EEC sou Envestigasyon Entèn ak Gid pou Anplwaye ki te pibliye 22 Mas 2022 an.